



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRUKSYON YON NEW TERMINAL ONE KI
KOUTE 9.5 MILYA DOLA NAN AYEWOPÒ JFK KI PRAL KÒMANSE ETE SA
PANDAN KE DÈNYE PATI PWOJÈ A YO AN PLAS**

*Akò finansye jodi a make apwobasyon aranjman finansman obligatwa pou
premye faz pwojè a*

Konsèy Komisè Otorite Pòtyè a te apwouve kontra Iwaye a an desanm

**New Tèminal One lan te resevwa apwobasyon anviwònmantal final nan men
Administrasyon Aviyasyon Federal la**

**Konsèy Komisè Otorite Pòtyè a te apwouve yon nouvo envestisè prensipal nan
New Tèminal One lan**

**Li pral pi gwo tèminal nan Ayewopò JFK lè li fini epi li pral kreye 10,000 travay, ki
enkli 6,000 travay konstriksyon**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke konstriksyon yon New Tèminal One nan klas mondal ki koute 9.5 milya dola nan Ayewopò Entènasyonal JFK (JFK International Airport) ki pral avanse pandan ete sa a kounye a ke apwobasyon finansye ak anviwònmantal yo te sekirize, ki gen ladan akò finansye jodi a pou premye faz pwojè a.

"Konstriksyon nouvo tèminal modèn sa a nan JFK se kle vizyon nou pou yon nouvo épòk nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwojè transfòmasyon sa a ap vanse ak tout vitès e lè li fini, I ap bay yon eksperyans pasaje ki sèvi kòm modèl pou potansyèl san parèy nan New York. Felisitasyon ak mèsi ak tout moun ki travay di pandan anpil ane pou rann pwojè sa posib."

An Desanm, Gouvènè Hochul [te anone](#) Konsèy Komisè Otorite Pòtyè (Port Authority) a te apwouve yon akò avèk konsòsyòm New Terminal One pou konstwi yon tèminal klas mondal ki pral svi kòm ankraj bò sid Ayewopò JFK a. Semèn pase a, Konsèy Otorite Pòtyè a te vote pou apwouve yon nouvo envestisè prensipal nan pwojè a. Ferrovial, yon operatè ayewopò mondal ki gen eksperyans nan konstriksyon tèminal klas mondal, pral achte 96 poustan nan 51 poustan pati Carlyle Global Infrastructure

Fund nan New Terminal One lan, yo te chwazi konsòsyòn lan pou fè konsepsyon, konstwi ak opere tèminal modèn lan.

Anons ke New Tèminal One lan pral kòmanse konstriksyon ete sa a vini jis 10 jou apre Gouvènè Hochul, Otorite Pòtyè a ak Delta Air Lines te selebre ouvèti yon nouvo Tèminal C nan Ayewopò LaGuardia, sa ki make yon finisman sibstansyèl Whole New LaGuardia a.

Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a Rick Cotton te deklare, "Akò finansye jodi a sou premye faz pwojè Nouvo Tèminal One nan Ayewopò JFK a se yon moman istorik ki dire senk ane. Nou pa ka tann pou nou fè patenarya ak Ferrovial, JLC Infrastructure Group, Ullico ak Carlyle pou konstwi yon tèminal premye ran klas mondal ki pral pi gwo tèminal entènasyonal nan JFK e ki gen envestisman 9 milya dola e plis ki pral ede estimile rekiperasyon reydon an. Nou vle remèsye Gouvènè New York Kathy Hochul, Lidè Majorite Sena Ameriken an Chuck Schumer, Sekretè Adjwen Polly Trottenberg nan Depatman Transpò Etazini, Manm Kongrè Ameriken Gregory Meeks, Prezidan Minisipalite Queens lan Donovan Richards, ak lidèchip ak anplwaye Administrasyon Aviyasyon Federal la nan Washington, nan Rejon 2, ak nan Ayewopò JFK. San sipò yo, fè pwojè enpòtan sa a rive nan akò finansye jodi a pa t ap posib."

Prezidan Otorite Pòtyè a, Kevin O'Toole, te deklare, "Avèk yon nouvo Ayewopò LaGuardia ki sibsansyèlman fini ak yon nouvo Tèminal A nan Newark Liberty Airport ki prèske fini, anons jodi a sou avansman yon New Tèminal One nan JFK se yon lòt demonstrasyon angajman Otorite Pòtyè a pou kreye ayewopò klas mondal pou reydon nou an. Nivo envestisman san parèy patnè prive nou yo se yon vòt konfyans nan lavni reydon nou an ak kapasite nou pou atreprann ak konplete pwojè ekstrawòdinè ki pral sèvi kòmyon enspirasyon pou jenerasyon k ap vini yo."

New Terminal One JFK a pral bati sou sit ke Terminal 1, Terminal 2 ak ansyen Terminal 3 okipe kounye a, kote li pral sèvi ankraj pou bò sid JFK a. Nan 2.4 milyon pye kare, nouvo tèminal la pral pi gwo tèminal JFK a lè li fini - prèske menm gwosè ak de nouvo tèminal nouvo Ayewopò LaGuardia kombine. Konstriksyon nouvo tèminal la pral fèt an plizyè faz. Premye faz la, ki gen ladan nouvo sal arive ak depa ak premye seri nouvo pòtay yo, prevwa ouvri an 2026.

Aprè finisman touletwa faz yo an 2030, New Terminal One lan pral gen 23 nouvo pòtay ansanm ak koulwa enskripsiyan klere ak ayere ak espas arive ki fèt pou amelyore eksperyans kliyan an epi fè konpetisyón ak kèk pamì tèminal ayewopò ki nan tèt lis yo nan mond lan. Kliyan yo pral jwi enstalasyon restoran ak magazen ki vann an detay klas mondal, ki gen enspirasyon New York, ansanm ak espas pou salon, yon espas vèt enterè ak amenajman ki adapte pou fanmi yo. New Terminal One lan pral enkòpore dènye pwogrè yo nan alafwa dirabilite ak sekirite epi epi ranpli ak yon santiman apatenans ki inik ak New York.

Luke Bugeja, Direktè Egzekitif Jeneral Ferrovial Airports, te deklare, "Nou onore pou nou fè patenarya ak Otorite Pòtyè nan NYNJ, JLC Infrastructure, Ullico, ak Carlyle

paske yo vivifye yon tèminal ayewopò klas mondal nan Ayewopò John F. Kennedy a. Pwojè transfòmasyon sa a pral rann vwayajè yo kontan e li pral bay avantaj kominote a eskonte nan youn nan destinasyon ki pi popilè ak enpòtan nan mond lan ak pòtay entènasyonal pou ale ak soti nan Etazini".

Doktè Gerrard P. Bushell, Direktè Egzekitif Jeneral New Terminal One lan, te deklare, "Mwen kontan akeyi Ferrovial nan konsòsyòm New Terminal One kòm patwon prensipal la. Ferrovial se yon patnè enpòtan ki pote gwo ekspètiz ak eksperyans kòm yon devlopè ak operatè ayewopò klas mondal ki pral amelyore kapasite pwojè sa a pandan l ap elaji nosyon sa ki posib nan sa ki gen pou wè ak enpak pwojè enfrastrikti. Soti nan patisipasyon MWBE rive nan developman mendèv lokal rive nan amelyorasyon dirabilite, pwojè New Terminal One lan pral gen yon repèkisyón pozitif pou jenerasyon k ap vini yo."

New Terminal One lan bati sou momantòm lòt twa eleman majè nan transfòmasyon ayewopò a. Developman 3.9 milya dola yon nouvo Tèminal 6 dènye modèl, ke JFK Millennium Partners pral konstwi sou bò nò ayewopò a ki pral konekte san pwoblèm ak Tèminal 5 JetBlue ki egziste deja te apwouye pa Konsèy Komisyonè Otorite Pòtyè a nan mwa out la, epi yo prevwa kòmanse konstriksyon an nan fen ane sa a. Ekspansyon nan Tèminal 4 la ki koute 1.5 milya dola, ki te dirije pa Delta ak JFK International Air Terminal, te apwouye nan prentan epi li an konstriksyon kounye a. Anplis de sa, travay te kòmanse an desanm 2019 sou ekspansyon 425 milyon dola nan Tèminal 8 JFK a, ki te dirije pa American Airlines, ki opere tèminal la, ak British Airways, ki pral demenaje pou ale nan Tèminal 8 la soti nan Tèminal 7 la, ke yo etabli ki dwe demoli pou fè wout pou nouvo Tèminal 6 la.

Konbine, pwojè yo reprezante yon transfòmasyon JFK International ki koute 18 milya dola ak yon patenarya publik-prive ekstrawòdinè. Evestisman kapital 2.9 milya dola Otorite Pòtyè a ap pwofite envestisman prive nan yon pouvantaj ki plis pase senk rive nan en lè li konsidere envestisman prive total ki plis pase 15 milya dola ki te angaje nan kat pwojè ki gen ladann pwogram redevelopman JFK konplè a.

Konstriksyon n New Terminal One lan pral kreye omwen 10,000 travay, enkli 6,000 djòb konstriksyon. Ferrovial ak patnè li yo nan New Terminal One lan angaje tou nan objektif Otorite Pòtyè pou 30 pouzan patisipasyon Biznis Minorite ak Fanm yo Posede yo ak yon gwo konsantrasyon sou developman biznis lokal yo.

Ferrovial te fè pati endistri avyasyon an depi 1998 e li gen plis pase 20 ane eksperyans nan envesti, devlope, ak opere 33 ayewopò atravè mond lan, ki gen ladan Etazini, Ostrali ak Chili. Kounye a li gen kat ayewopò nan Wayòm Ini. Avèk yon patisipasyon 25 pouzan nan Ayewopò Heathrow, li se aksyonè ak patnè endistriyèl prensipal ayewopò a, epi li posede 50 pouzan ayewopò Glasgow, Aberdeen ak Southampton. Li nan pwosesis pou fèmen akizisyon 60 pouzan nan Ayewopò Entènasyonal Dalaman nan Tiki nan men YDA Group.

Ferroviaj gen yon konpreyansyon pwofon sou segman avyasyon an ak vwayaj epi yo vrèman fè prè yo nan bati relasyon pwodiktif ak patnè yo, lidè lokal yo, ak kominote a. Ferroviaj pral konplete epi ajoute nan travay enpresyonan NTO ak Otorite Pòtyè a fè jiska prezan. Konpayi an fè pati endistri avyasyon an depi 1998 e li gen plis pase 20 ane eksperyans nan envesti, devlope, ak opere 33 ayewopò atravè mond lan, ki gen ladan Etazini, Ewop, Wayòm Ini, Ostrali ak Chili.

Kounye a Forroviaj gen kat ayewopò nan Wayòm Ini Avèk yon patisipasyon 25 poustan nan Ayewopò Heathrow, li se aksyonè ak patnè endistriyèl prensipal ayewopò a, epi li posede 50 poustan ayewopò Glasgow, Aberdeen ak Southampton. Nan ane 2020, Ferroviaj Airports te etabli biznis Ferroviaj Vertiports, ak objektif pou fè konsepsyon, konstwi ak opere enfrastrikti ki nesesè pou operasyon avyon eVTOL (dekolaj ak aterisaj vètikal elektrik (electric Vertical Take-Off and Landing)). Ferroviaj Airports nan pwosesis tou pou fèmen akizyon 60 poustan nan Ayewopò Entènasyonal Dalaman nan Tiki nan men YDA Group.

Reyamenaje JFK Airport dekonsè ak kominote lokal la

An 2018, yo te fòme Konsèy Konsiltatif Kominotè pou Developman JFK (JFK Redevelopment Community Advisory Council). Li ko-prezide pa Reprezantan Ameriken Gregory Meeks ak Prezidan Minisipalite Queens Ian Donovan Richards, epi li gen ladan fonksyonè eli, konsèy kominotè, biznis ak òganizasyon san bi likratif, òganizasyon sivik, ak lidè reliye yo nan kominote lokal yo vize nan Sidès Queens, Sidwès Queens, Rockaways yo ak pati Iwès yo nan Konte Nassau.

Depi kreyasyon li, Konsèy Konsiltatif la ap travay avèk Otorite Pòtyè a pou elaji efò sansibilizasyon kominote a epi devlope pwogram ki fokis sou kominote a, asire ke pwojè anbisye sa a mande opinyon kontinyèl moun ki gen enterè lokal yo epi bay opòtinite siyifikatif pou biznis lokal yo, MWBE yo, etidyan yo ak moun k ap chèche travay yo.

Sa gen ladann pwogram pou avanse angajman Otorite Pòtyè a pou yon 30% objektif kontra pou Biznis ak Antrepriz ke Minorite yo ak Fanm yo Posede (Minority and Women Owned Business Enterprises, MWBE) nan tout kategori travay, ak yon konsantrasyon espesyal sou opòtinite pou biznis lokal yo atravè tout aspè nan pwogram Redvelopman JFK, ki gen ladan pwojè tèminal sa a, ki pral bati pa travayè sendika dapre yon akò pwojè travay konplè. Lòt inisyativ devlopman kominotè ke Konsèy la priyorize konsantre sou opòtinite travay ak pwogram devlopman mendèv pou rezidan lokal yo, sansibilizasyon ak devlopman ti biznis yo, ak pwogram edikatif pou etidyan lokal yo.

###